

**PANGAJARAN NGANALISA EUSI TÉKS DEBAT BERORIÉNTASI KANA  
MOSI JEUNG ARGUMÉNTASI NGAGUNAKEUN MÉTODE CREATIVE  
PROBLEM SOLVING DI KELAS X SMA NUSANTARA BANDUNG TAUN  
PANGAJARAN 2018/2019**

ku  
Shintya Dewi Nurahmat  
155030008  
Universitas Pasundan

**RINGKESAN**

*Kasang tukang panalitian ieu nyaéta susahna ngabogaan kaahlian maca dina pasarta didik. Tujuan panalitian ieu nyaéta keur nganyahokeun kamampuan panulis dina ngarencanakeun, ngalaksanakeun, jeung nganilai kagiatan pangajaran nganalisis eusi debat beroriéntasi kana mosi jeung arguméntasi ngagunakeun métode creative problem solving; nganyahokeun kamampuan pasarta didik dina nganalisis eusi debat beroriéntasi kana mosi jeung arguméntasi ngagunakeun métode creative problem solving; jeung nganyahokeun kaéféktifan métode creative problem solving nu digunakeun dina pangajaran nganalisis eusi debat beroriéntasi kana mosi jeung arguméntasi. Métode panalitian nu digunakeun dina panalitian ieu nyaéta quasi eksperiment jenis nonequivalent control group désign. Teknik pangumpulan data nu digunakeun nyaéta: observasi, tés, saréng uji coba. Hasil panalungtikanana nyaéta. panulis tiasa ngarencanakeun, nerapkeun, sarta ngajén pangajaran nganalisis eusi debat beroriéntasi kana mosi jeung arguméntasi ngagunakeun métode creative problem solving di kelas X SMA Nusantara Bandung. Hal ieu dumasar kana hasil peunteun rata-rata tina rencana jeung nu dilaksanakeun anu dihasilkeun panulis rata-rata 3,74 hal ieu kaasup kana golongan alus pisan (A). Murid kelas X SMA Nusantara Bandung kersa nganalisis eusi debat beroriéntasi kana mosi jeung arguméntasi ngagunakeun métode creative problem solving. Hal ieu dibuktikeun ku hasil peunteun rata-rata saméméh diajar nyaéta 44,95 saréng peunteun rata-rata hasil sebérsna dipasihana pangajaran nyaéta 86,25, paningkatana segedé 41,3. Metode creative problem solving saluyu dipaké dina pangajaran nganalisis eusi téks debat di kelas X SMA Nusantara Bandung. Hal ieu, dibuktikeun ku pangajén statistik  $t_{itung} > t_{tabel}$ , nyaéta  $24,29 > 18,5$  di tingkat kapercayaan 95% kalawan tingkat signifikan 5% sareng tingkat kabébasan 19. Dumasar kana hasil panalitian, pangarang nyimpulkeun yén ayana kabhasilan dina panalitian ieu.*

*Kecap konci: Analisa, arguméntasi, bacaan, métode creative problem solving, mosi, téks debat.*